



TRIBUNAL FAYIT ETAZINI DISTRI SID NAN FLORID



AVI POU TOUT MOUN KI GEN DÈT : LI SA A ANVAN OU DEPOZE PETISYON W

ÈSKE OU MENM AK MOUN OU MARYE AVÈK LA (SIZANKA) TE PRAN KLAS APWOUVE E OBLIGATWA KI BAY KONSÈY SOU FAYIT ANVAN DEPOZISYON PETISYON ?

- Si ou te pran klas ki bay konsèy, epi ou genyen sètifika ki konfimen ou te pran klas la, tcheke ti kare nimewo 1, 5^{èm} Pati, epi depoze sètifika a ansanm ak petisyon w.
- Si ou te pran klas ki bay konsèy la, epi ou PA genyen sètifika ki konfimen ou te pran klas la avèk ou, tcheke ti kare nimewo 2, 5^{èm} Pati. **W ap genyen 14 jou apre ou fin depoze petisyon w pou prezante sètifika a, osnon ka w la ka ranvwaye.**
- Si ou pa te pran klas ki bay konsèy la, sepou tcheke ti kare nimewo 3, 5^{èm} Pati, si li aplikab, epi tache yon espikasyon dizan POUKI ou pa te pran klas konsèy la. Sepou ou fè ansòt pou pran klas la osito w kapab, men fò w fè sa pa pi ta pase dat tribinal bay lòd, epi ou dwe prezante sètifika a. Tribinal la va pase lòd pou ou vin esplike pouki sa ou pa t al pran klas konsèy la anvan ou te depoze petizyon fayit ou. Tribinal la ka ranvwaye ka w, si dapre li ou pa te gen rezon valab pou te prezante petisyon fayit san pran klas la.
- Si w satisfè kondisyon daprekwa ou bay rezon ki lakòz ou pa pran klas la (maladi mantal, inkapsite fizik, sèvis militè aktif nan zòn batay), sepou tcheke ti kare nimewo 4, 5^{èm} Pati, epi soumèt yon mosyon pou tribinal la pran desizon. Gade wè 11 U.S.C. Seksyon 109(h) (4) e Local Rule 1007-1(D), epitou enstriksyon pou depozisyon grefye tribinal la pou plis enfòmasyon.

Dapre lwa fayit, tribinal la ka pèmèt ou pran klas konsèy la apre depozisyon sèlman si ou satisfè tout kondisyon sila yo: [Gade wè 11 U.S.C., Seksyon 109 (h) (3).]

- 1) Ou te eseye jwenn konsèy nan yon ajans ki apwouve pandan yon peryòd omens 7 jou anvan depozisyon petisyon an; e ajans la pa te kapab ofri w klas la; EPI
- 2) Genyen sikonstans egzijans (emèjenssi) ki te anpeche w al pran klas konsèy la anvan depozisyon petisyon. (Enpòtan : tribinal la va decide sa ki kalifye kòm sikonstans emèjenssi).

Tanpri konprann byen, pi fò moun ki gen dèt pa kapab satisfè kondisyon sila yo, paske klas konsèy fayit fasil pou jwenn nan tout Distri a. Se dwa w pou decide depoze petisyon w, men si w fè sa san w pa pran klas la, ou riske wè ka w ranvwaye. *Grefye a pa ka ba w konsèy legal, oubyen fè konnen w davans si jij la pral aksepte demand ou kòm si pou li ta ba w plis tan pou satisfè obligasyon sa a.*

Pou satisfè obligasyon sa a anvan depozisyon petisyon, mande grefye a yon lis ajans ki bay konsèy sou fayit United State Trustee apwouve, oubyen ale nan adrès entènèt:

<http://www.justice.gov/ust/list-credit-counseling-agencies-approved-pursuant-11-usc-111>